

**“Bathik Jonegoroan” Ing Desa Prayungan, Kecamatan Sumberrejo, Kabupaten Bojonegoro
(Tintingan Wujud, Makna, Ekologi Budaya LanFungsi)**

Aris Kurniawan

ABSTRAK

Bathik mujudake asil kabudayan sing nduweni piguna tumrap masyarakat panyengkuyunge. “Bathik Jonegoroan” yaiku sawijine kabudayan dhaerah sing asale saka Kabupaten Bojonegoro. “Bathik Jonegoroan” nduweni maneka warna motif sing nduweni gegayutan klawan kahanan alam lan budayane Kabupaten Bojonegoro. Wujud, makna, lan fungsi “Bathik Jonegoroan” bakal ditintingi klawan kajian folklore lan digayutake klawan kahanan ekologi Kabupaten Bojonegoro.

Saka jlentrehan mau, bisa dijupuk patang underan panliten, yaiku :1) Kepriye mula bukane “Bathik Jonegoroan” ing Kabupaten Bojonegoro? 2) Apa wae wujud lan makna ing motif “Bathik Jonegoroan” kawawas saka ekologi Bojonegoro? 3) Apa fungsine “Bathik Jonegoroan” tumrap masyarakat?. Underan panliten mau nduweni tujuwan kanggo: 1) Ngandharake mula bukane “Bathik Jonegoroan” ing Kabupaten Bojonegoro. 2) Ngandharake wujud lan makna ing motif “Bathik Jonegoroan” kawawas saka ekologi Bojonegoro. 3) Ngandharake fungsi “Bathik Jonegoroan” tumrap masyarakat Kabupaten Bojonegoro. Panliten iki diajab bisa menehi paedah arupa :1) Tumrap ilmu kabudayan, panaliten iki bisa menehi sumbang sihing jagading ilmu kabudayan yaiku nambahi kawruhing bab bathik; 2) Tumrap panliti, panliten iki bisa nambahi kawruhe panliti ngenani bab bathik Jonegoroan. Kejaba iku diajab bisa menehi pengalaman panliti supaya bisa ngrembakake ilmune, mligine ing babagan kabudayan; 3) Tumrap pamaos, panliten iki bisa nambahi kawruhe pamaos ngenani kabudayan mligine bab “Bathik Jonegoroan”.

Teori sing digunakake kanggo nganalisis makna lan wujud yaiku teori semiotik saka Pateda, teori sing digunakake kanggo nganalisis fungsi yaiku teori fungsi saka Malinowsky, dene teori kang digunakake kanggo nganalisis ekologi budaya yaiku teori ekologi saka Ihromi. Metode sing digunakake yaiku metode dheskriptif kualitatif, kanthi objek arupa “BathikJonegoroan”. Instrumen utamane yaiku panliti iku dhewe. Sumberdatane arupa “BathikJonegoroan”. Data panliten diklumpukake kanthi cara wawancara, observasi, dhokumentasi, lan studi pustaka. Data sing wis nglumpuk banjur dianalisis kanthi dheskriptif lan nggunakake teori hermeneutik saka Palmer.

Asiling panliten ngrembug ngenani etnografi Desa Prayungan (pendhudhuk Desa Prayungan, sistem pangupajiwa Desa Prayungan, pendhidhikan, lan agama sing dianut masyarakat Desa Prayungan) minangka papan panggonan panliten, wujud “Bathik Jonegoroan”, makna “Bathik Jonegoroan”, ekologi Kabupaten Bojonegoro lan fungsi “Bathik Jonegoroan”. Fungsi “Bathik Jonegoroan” yaiku minangka sarana pendhidhikan, hiburan, pangupajiwa, sistem proyeksi masyarakat, sarana kanggo ngraketake paseduluranlan idhentitas sawijine dhaerah. Makna saka motif “Bathik Jonegoroan” mujudake pangajabe masyarakat Kabupaten Bojonegoro. Pangajabe laras klawan motif sing ana ing “Bathik Jonegoroan”.

Dudutan panliten iki nuduhake anane gegayutan antarane ekologi Kabupaten Bojonegoro klawan wujud, makna, lan fungsi “Bathik Jonegoroan”. Sawijine tuladha yaiku sajronemotif parang dahana munggal ing keneobjek kang utama yaiku kahyangan api. Kahyanagan api minangka sawijine kahanan alam sing ana ing Bojonegoro lan nduweni makna arupa pangajab supaya masyarakat Kabupaten Bojonegoro nduweni semangat sing makantar-kantar kaya geni sing empan kasebut, supaya bisa nindakake pakaryan kanthi bener. Motif “Bathik Jonegoroan” nggambarake kahanan alam lan SDA kang ana ing Kabupaten Bojonegoro. Motif kasebut bisa dadi sarana kanggo ngenalake SDA lan budaya ing Kabupaten Bojonegoro supaya dikenal dening bebrayan agung.

Tembung pepenget: bathik, ekologi, makna, wujud, fungsi

A. Purwaka

Manungsa cinipta dening Gusti Inggang Maha Kuwasa diwenahi akal lan pikiran, bisa dadi makhluk kang linuwih yen bisa nggunakake akal lan pikirane. Akal lan pikiran kasebut bisa nuwuhake lan ndadekake manungsa nduweni kabudayan.

Adhedhasar kabudayan iku, manungsa bakal nduweni urip kang luwih katata. Kabudayan bisa tuwuh saka pakulinan sing asring ditindakake dening masyarakat. Koentjaraningrat (1985:9) ngandharake kabudayan asil saka olah ciptaning manungsa ing masyarakat sing dikulinakake, ditindakake kanthi cara sinau. Kabudayan nduweni unsur-unsur ing antarane, yaiku religi, sistem organisasi, pengetahuan, basa, seni, sistem mata pencarian hidup lan sistem teknologi. Urutan

pitung unsur kasebut kanggo nggambarake unsur-unsur ngendi sing angel lan gampang owah amarga kena pangaribawane kabudayan liya.

Koentjaraningrat (1985:5) ngandharake, yen kabudayan iku nduweni telung wujud, yaiku (1) wujud kabudayan arupa panemu, nilai-nilai, norma-norma, lan tatacara, kang asipat abstrak ora bisa difoto lan dicekel, (2) wujud kabudayan arupa tumindake manungsa kang trep ing masyarakat kayata sistem sosial, (3) wujud kabudayan arupa barang- barang asil karyaning manungsa. Salah sawijining wujud kabudayan kang arupa barang-barang asil karyaning manungsa yaiku bathik. Bathik yaiku corak utawa gambar sajroning kain kang cara nggawene nggunakake malam, banjur diolah kanthi

cara tartamtu (Sugono, 2008:146). Wujud bathik ing Indonesia akeh banget, nanging corak utawa motif saka bathik kasebut nduweni filosofi lan mujudake tetenger saka saben-saben dhaerah asale.

Salah sijine wujud bathik sing narik kawigatene panliti yaiku “Bathik Jonegoroan”. Bathik mujudake warisan turun temurun saka leluhur. “Bathik Jonegoroan” minangka sawijining bathik sing asale saka dhaerah Bojonegoro. Sadurunge ana “Bathik Jonegoroan”, wis ana bathik sing diarani “Bathik Jumpu”. Sejatine “Bathik Jumpu” isih ana nganti saiki, nanging motif sing ora *bervariasinyebabake* bathik jumpu kalah kondhang klawan “Bathik Jonegoroan”. Sawise bathik ing Indonesia diakoni dening UNESCO, bupati Bojonegoro banjur nganakake lomba kanggo nyiptakake motif “Bathik Jonegoroan”.

Masyarakat Bojonegoro ora bisa uwal saka lingkungan utawa kahanan alam sing ana ing Bojonegoro. Bab kasebut kabukti saka motif “Bathik Jonegoroan” sing nggambarake kahanan alam, budaya

B. Metode

Panliten iki nggunakake metode *dheskriptif kualitatif*. Bodgan lan Taylor (sajrone Moleong, 2000:3) nduweni panemu yen panliten kualitatif yaiku cara panliten sing ngasilake *data dheskriptif* arupa tetembungan tinulis utawa lisan saka pawongan lan polah tingkah sing bisa dideleng. Dene kang diarani *dheskriptif* yaiku panggambaran utawa panjlentrehan kanthi tembung-tembung sing jelas lan rinci.

Sajroning ilmu sosial, sumber data saka metode kualitatif yaiku masyarakat, data panlitene arupa tindakan-tindakan kang ngasilake produk (Ratna, 2012:47). Metode kualitatif menahi kawigaten marang data alamiah, data kang ana sambung rapete klawan konteks dununge “Bathik Jonegoroan”. Cara-cara kaya

Sumber data yaiku subjek utawa sumber data kang asale saka ngendi wae (Arikunto, 2006: 129). Sumber data bisa diperanga dadi loro, yaiku sumber data *primer* lan sumber data *sekunder*. Sumber data *primer* ing sajrone panliten yaiku cetha tumuju ing sakabehe bab ngenani “Bathik jonegoroan”. Sumber data *sekunder*, yaiku dikasilake saka tambahing data kang nguwatake analisis tumrap panliten iki, kayadene buku utawa andharan-andharan saka saperangan informan. Kabeh sumber data lan data-data iki wigati ing sajrone panliten amarga didadekake minangka cekelan sajrone ngandharake sakabehe asiling panliten.

Cara nglumpukake data yaiku cara kang digunakake kanggo ngasilake data sing dibutuhake ing sajrone panliten. Cara nglumpukake data ing jrone panliten “Bathik Jonegoroan” yaiku wawancara, observasi lan dhokumentasi.

Wawancara yaiku omong-omongan kanthi maksud tartamtu (Moleong, 2000:135). Wawancara ditindakake kanggo nambah sarta njangkepi data kanthi cara ngorek saakeh-akehe informasi saka informan. Sajroning panliten ngenani “Bathik Jonegoroan” panliti nggunakake wawancara rada tinuntun. Amarga panliti ing kene wis nyiapake pitakonan-pitakonan kanggo

lan asil bumi dhaerah Bojonegoro. Motif-motife nggambarake yen masyarakat Bojonegoro iku raket banget klawan kahanan alam, budaya lan asil bumi dhaerahe. Lingkungan sakiwa tengene masyarakat bisa menahi daya pangaribawa tumrap kabudayaan masyarakat kasebut. Motif-motif “Bathik Jonegoroan” bisa didadekake *identitas* Kabupaten Bojonegoro.

“Bathik Jonegoroan” mujudake wujud budayasing asale saka asil karyaning masyarakat kang kalebu jinising folklor dudu lisan lan arupa material. Tuladhane folklor dudu lisan kang arupa material yaiku arsitektur rakyat, sandhangan, panganan lan obat-obatan tradhisional (Danandjaja, 1984:22).

Adhedhasar andharan mau, tuwuh bab sing narik kawigatene panliti, yaiku anane gegayutan antarane motif “Bathik Jonegoroan” klawan kahanan alam Bojonegoro. Saliyane iku, panliti pengin menahi sumbangsah arupa sesurupan lan kepingin ngenalake anane “Bathik Jonegoroan” supaya luwih dingerteni dening bebrayan agung.

mangkene iki kang nyengkuyung metode kualitatif dianggep minangka multi metode, amarga umume panlitian iku nduweni gegayutan klawan *gejala sosial* kang *relevan* (Ratna, 2012:47).

Objek panliten yaiku sawijine bab utawa barang sing bakal dionceki. Ing panliten iki panliti nggunakake objek “Bathik Jonegoroan”. Papan panliten yaiku papan panggonan sing didadekake tujuwan utawa *pengamatan* sawijining panliten. Ing kene panliten ditindakake ing pengrajin “Bathik Jonegoroan” sing ana ing Desa Prayungan Kecamatan Sumberrejo Kabupaten Bojonegoro. Panliti milih objek “Bathik Jonegoroan” amarga bathik iki nduweni nilai fungsi lan makna sing ana gegayutane karo ekologi Kabupaten Bojonegoro.

Panliten “Bathik Jonegoroan” kalebu panliten lapangan kang nggunakake piranti panliten kanggo nyengkuyung data asiling panliten. Ing sajrone panliten nggunakake piranti kayata, *Alat perekam* utawa *tape recorder*, *kaset baterei*, sing digunakake kanggo ngrekam data-data sing arupa tetembungan sing asale saka informan. Daftar pitakonan kanggo wawancara *Field notes lan bolpoin*, digunakake kanggo nyathet apa-apa wae sing dianggep penting sing ditemoni nalika nganakake panliten ing lapangan. *Kamera digital* kanggo njupuk gambar maneka wernane motif “Bathik Jonegoroan”.

wawancara. Supaya oleh data luwih jangkep, panliti uga nambahi pitakonan liya adhedhasar kahanan lapangan lan informan.

Sajrone panliten iki, wawancara ditindakake ing daleme narasumber. Wawancara ditindakake kanthi tujuwan njupuk data arupa tetembungan saka narasumber supaya panliten iki valid lan bisa dipertanggungjawabake kanthi ilmiah. Wawancara kasebut direkam supaya bisa dadi bukti panliten.

Observasi iku asring ditegesi minangka sawijining kagiyatan kang menahi kawigaten tumrap bab tartamtu kanthi nggunakake mata. Observasi mujudake

sawijining cara ngumpulake data kanthi nganakake pengamatan objek sing diteliti kanthi cara langsung utawa ora langsung.

Dhokumentasi yaiku nggoleki data babagan *variabel*, kang arupa cathetan, *transkrip*, buku, layang pawarta, prasasti, cathetan asiling *rapat*, *agenda*, lsp (Arikunto, 2006: 231).

Panliten iki nggunakake metode dhokumentasi kanggo ndhokumentasikake etnografi sing gegayutan karo objek utama lan motif utawa corak bathik. Motif bathik sing dikarepake kanggo objek panliten iki dijupuk gambare siji mbaka siji. Dhokumentasi ditindakake dening panliti nalika wawancara klawan narasumber ing daleme.

Sawise dhata nglumpuk banjur diolah kanthi cara, nyathet lan nglumpukake asil wawancara, observasi lan dhokumentasi, nggolongake data adhedhasar jinis lan sipat kayata, mula bukane, wujud, makna, fungsi lan ekologi budaya “Bathik Jonegoroan”, nindakake analisis ngenani mula buka, wujud, makna fungsi lan ekologi budaya, menahi dudutan saka data sing wis dianalisis kasebut.

C. ANDHARAN

4.1. Etnografi Desa Prayungan

Desa Prayungan minangka papan panggonan panliten iki. Desa Prayungan yaiku desa sing manggon ana ing sisih etan kutha Bojonegoro, desa iki dadi sawijine sentra bathik ing Kabupaten Bojonegoro. Ing desa iki ana rong sentra Bathik Jonegoroan lan bathik jumput. Dideleng saka segi etnografis, Desa Prayungan, Kecamatan Sumberrejo, Kabupaten Bojonegoro mlebu dataran tinggi.

4.1.1 Wilayah

Desa Prayungan mujudake wilayah sing strategis, amarga desa iki ana ing sawijine dalan sing diliwati kendharaan Bojonegoro-Surabaya. Dalane gedhe sing asring diliwati bis lan kendharaan umum liyane. Mula saka kuwi Desa Prayungan gampang anggone njujug. Waktu tempuh saka Kutha Bojonegoro kurang luwihe 15 menit, saka Kecamatan Sumberrejo 5 menitan. Saka jarak pusat pemerintah kecamatan kurang luwihe 5 Km, jarak saka ibu kota Kabupaten Bojonegoro kurang luwihe 10,5 km.

4.1.2 Pendhudhuk Desa Prayungan

Saben desa mesthi ana pendhudhuke. Cacah pendhudhuk sing manggon ing Desa Prayungan cacah 5028. Saka cacah lanang 2528 wong lan wong wadon 2500 wong saka 2480 (KK). Cacah pendhudhuk Desa Prayungan bisa dimangerteni saka data ing ngisor iki.

Sumber Data Profil Desa Prayungan 2012

No	Keterangan	Cacah
1	Lanang	2528
2	Wadon	2500
Cacah Total		5028
Cacah Kepala Keluarga		2480 KK

Tabel4.2 :Cacah Pendhudhuk Miturut Umur

No	Usia	Jumlah
1	0-12	507
2	11-20	959
3	21-30	1368
4	31-40	1030
5	41-50	806
6	51-58	329
7	>58	29
Jumlah		5028

Sumber Data Profil Desa Prayungan 2012

Saka andharan ing dhuwur bisa dimangerteni yen pendhudhuk sing paling akeh bocah enom yaiku umur 21-30 lan 31-40. “Bathik Jonegoroan” minangka sandhangan sing nduweni corak sing bisa narik kawigatene masyarakat umur sing diduweni Desa Prayungan kasebut minangka umur sing isih wigati karo sandhangan. Umur 21-30 lan 31-40 kasebut bisa dadi sawijine tolak ukur yen produksi “Bathik Jonegoroan” isih bisa tetep mlaku. Amarga umur-umur kasebut minangka umur produktif anggone makarya.

4.1.3 Struktur Pangupajiwa

Miturut data 2012 pendhudhuk Desa Prayungan sing luwih akeh yaiku pangupajiwa tani, amarga ing dhaerah kasebut akeh banget lemah sing digunakake olah tetanen. Tetanduran sing paling akeh ditandur yaiku pari. Saben pendhudhuk rata-rata nduweni sawah sing bisa digunakake kanggo olah tetanen.

Pangupajiwa sing kapindho yaiku buruh tani. Masyarakat sing ora nduwe sawah nggantungake uripe kanthi cara ngrewangi tangga teparone dadi buruh tani. Uga ana senjata wis nduwe sawah dhewe nanging uga buruh tani. Sing katelu karyawan swastamasyarakat nyambut gawe ing babagan jasa utawa dagang. Dene Pegawai Negeri Sipil (PNS) dadi pangupajiwa luwih sithik tinimbang karyawan swasta. PNS ing kene diperang saka TNI/POLRI lan Guru. Akeh sing dadi guru ing Desa Prayungan nanging mung sithik sing wis diangkat PNS liyane akeh sing isih honorer.

Tabel 4.3 : Sistem Pangupajiwa

No	Pnagupajiwa	Cacah
1	Tani	2258
2	Buruh	1290
3	Karyawan Swasta	909
4	PNS	270
5	Liya-liya.	301
	Cacah	5028

Sumber Data Profil Desa Prayungan 2012

Saka data kasebut bisa dimangerteni yen cacah tani akeh banget yen ditandhingake karo pangupajiwa liyane. Meh saperangan gedhe Desa Prayungan nduweni pangupajiwa tani. Iki disebabake amarga saking akehe sawah sing ana ing wilayah Desa Prayungan.

4.1.4 Pendidikan

Pendidhikan ing Desa Prayungan katon saya maju tinimbang jaman biyen, amarga anane kesadharan masyarakat kanggo nyekolahake anak-anake. Desa Prayungan uga dadi sawijine desa sing wis nengenake pandhidhikan. Iki bisa dideleng saka cacah pendhudhuk sing wis sekolah SMA manggon ing nomer siji.

Sing nomer loro ana pendhudhuk sing tamat sekolah SMP, iki bisa dadi bukti yen pandhudhuk prayungan wis nindakake wajib belajar 9 taun. Playgroup/TK wis umum lan dadi kewajiban sing kudu ditindakake sadurunge ing SD. Sing nindakake pendhidhikan sarjana lan diploma uga wis akeh.

Masyarakat Desa Prayungan wis wiwit nduweni pamikiran, pawongan kang nduweni pendhidhikan

4.1.5 Kapitayan utawa Agama

Akeh-akehe pendhudhuk Desa Prayungan nganut agama Islam. Kanggo nyengkuyung ngibadahe pendhudhuk, ing Desa Prayungan dibangun mesjid-mesjid lan mushola ing saben lingkungan.

Tabel 4.5 : Agama lan Kapitayan

No.	Agama	Cacahe
1.	Islam	4485
2.	Kristen	357
3.	Katolik	174
4.	Hindhu	-
5.	Budha	-
6.	Konghuchu	12
7.	Kepercayaan Kepada Tuhan YME	-
Cacahe Wong		5028

Sumber Data Profil Desa Prayungan 2012

Tabel kasebut nuduhake cacah pendhudhuk kang nganut agama Islam paling akeh tinimbang agama liyane. Akehe agama Islam iku amarga Desa Prayungan cedhak klawan Pondhok Pesantren At-Tanwir. Agama sing cacah akeh nomer loro yaiku agama Kristen kanthi cacah 357. Agama sing cacah paling akeh katelu yaiku agama Katolik kanthi cacah 174. Agama sing cacah paling saithik yaiku agama Konghuchu kanthi cacah 12.

dhuwur biyasane ing bebrayan oleh pakurmatan sing luwih dhuwur, tinimbang pawongan kang ora nduweni pendhidhikan dhuwur. Pendhidhikan uga bisa nemtokake *status sociale* pawongan ing masyarakat.

Tabel 4.4 : Pendidikan Masyarakat Desa Prayungan

NO	Jenjang Pendidikan	Cacah
1	Playgroup/TK	626
2	Tamat SD/MI	1270
3	Tamat SMP/MTS	1350
4	Tamat SMA/MA	1380
5	Sarjana/Diploma	295
6	Ora Sekolah	107
	Jumlah	5028

Sumber Data Profil Desa Prayungan 2012

Pendidhikan ing Desa Prayungan wis kagolong maju tinimbang desa liyane ing Kecamatan Sumberrejo. Kahanan kaya mangkono iku disebabake amarga kesadharane masyarakat kang wis gelem nyekolahake anak-anake, lan nganggep yen pendhidhikan kuwi penting ing dina tembe. Senadyan ana wong kang ora sekolah utawa ora lulus Sekolah Dasar, biyasane kuwi pawongan kang nduweni umur wis tuwa. Miturut wong jaman biyen, pendhidhikan ora penting lan sing dianggep penting yaiku nyambut gawe. Saka tabel mau bisa didudut yen pendhudhuk Desa Prayungan kagolong maju ing babagan pendhidhikan. Umume wis padha sekolah wiwit TK nganti SMA, lan ana saperangan sing nerusake ing Perguruan Tinggi.

Masyarakat Desa Prayungan ora ana sing nganut agama Hindhu lan Budha. Masyarakat Desa Prayungan uga ora ana sing nganut animisme lan dinamisme yaiku kang percaya marang barang ghaib.

4.2 Mula Bukane "Bathik Jonegoroan"

Bathik wis dikenal dening masyarakat dadi sandhangan *tradhisionale* wong Jawa. Ewa semana, ing taun 1990-2000 an bathik wiwit ora disenengi lan dianggep ketinggalan jaman dening para mudha taruna. Wong sing nggunakake bathik dianggep wong ndesa lan ora bisa melu lakuning jaman. Suwene suwe, bathik ngalami owah-owahan motif lan warna kang maneka warna. Pangrembakaning motif lan warna kasebut uga ditindakake dening Pemkab Bojonegoro

"ana mas, bathik jumput. Amarga motif saka bathik iki mung sithik, konsumen saya suwe saya waleh. Sawise ana "Bathik Jonegoroan" iki, bathik jumput saya ilang amarga bathik jonegoroan luwih maneka warna motife mas. (Bu Puji, 27 Juli 2013)

Saka andharan kasebut bisa dimangerteni yen sadurunge ana "Bathik Jonegoroan" wis ana bathik sing jeneng bathik jumput. Motif sing mung sithik kasebut nyebabake bathik kasebut saya ilang ing Kabupaten Bojonegoro. Pemda sing dipandhegani dening Bupati

Suyoto terus nggolek cara kanggo ngatasi supaya bathik tetep lestari ing Bojonegoro.

Salah sawijining upaya kanggo ngrembakake bathik ing Kabupaten Bojonegoro yaiku kanthi anane lomba desain motif bathik kang diadani dening Tim PKK Kabupaten Bojonegoro. Bojonegoro mujudake sawijining kabupaten kang nduweni sumber daya alam lan kabudayan kang akeh lan kondhang kawentar. Sumber daya alam kang maneka warna kasebut menahi *inspirasi* tumrap garwane Bapak Bupati Bojonegoro yaiku Ibu Mafudho Suyoto kanggo ngadani lomba desain motif bathik.

“Bathik Jonegoroan” iki wiwit ana taun 2009. Sakwise bathik diakui dening UNESCO minangka kabudayan asli Indonesia. Ibu-ibu PKK sing dipandegani kaliyan Ibu Mahfudoh Suyoto nggelar lomba saperlu nggawe motif “Bathik Jonegoroan” iki. (Bu Linda 3 Maret 2013)

“Bathik Jonegoroan” nduweni sanga motif baku, yaiku jagung miji emas, rancak thengul, pari sumilak, sata ganda wangi, sekar jati, gatra rinonce, mliwis mukti, parang dahana mungal lan lembu sekar rinambat. (Bu Linda, 3 maret 2013)

4.3 Wujud lan Makna Motif “Bathik Jonegoroan” kawawas saka ekologi Bojonegoro.

Ing kene bakal dijlentrehake wujud lan makna “Bathik Jonegoroan” adhedhasar saka ekologi kabudayan sing ana ing sajrone motife. Ekologi kabudayan minangka sawijine ilmu sing ngrembug gegayutan antarane lingkungan klawan kabudayan sing ana ing sawijine masyarakat. Ing panliten iki bakal nggunakake sawijine kabudayan arupa “Bathik Jonegoroan” klawan dhaerah Kabupaten Bojonegoro, minangka dhaerah asal saka bathik kasebut.

“Bathik Jonegoroan” minangka sawjinine sandhangan sing asale saka Kabupaten Bojonegoro. Bathik iki nduweni sanga wujud motif sing maneka warna. Motif-motif sing ana ing sajrone bathik kasebut nggambarake kahanan alam lan budaya sing diduweni Bojonegoro. Saliyane nduweni gambar sing maneka warna kasebut, kanggo nambahi kaendahane bathik iki uga diwenehi warna sing selaras klawan gambar supaya bisa narik kawigatene masyarakat.

Saben motif “Bathik Jonegoroan” ngandhut makna tartamtu sing disimbolake karo kahanan alam lan

4.3.1 Jagung Miji Emas

Motif Jagung Miji Emas salah sawijine motif “Bathik Jonegoroan” sing nggambarake tetuwuhan. Tetuwuhan sing ana ing motif iki yaiku jagung, ing kene digambarake nduweni wiji sing warna emas. Motif iki uga kawangun saka warna-warna padhang. Saka warna-warna sing ana sajrone motif, iki nyebabake motif Jagung Miji Emas narik kawigatene para nom-noman.

Salah sawijine upaya pelestarian bathik sing ditindakake dening Pemkab yaiku nganakake Lomba desain motif bathik ditindakake ing taun 2009. Saka 600 karya sing ana, pihak akademis saka Solo dan Bandung kasil milih 9 motif anyar minangka motif induk kang bakale bisa dirembakakake maneh. Sangang motif kasebut yaiku Gatra Rinonce (Motif Kilang Minyak lan Gas Bumi), Jagung Miji Emas (Motif Jagung), Mliwis Mukti (Motif Peksi Legendaris Jelmaan Angling Dharma, Mliwis Putih), Parang Dahana Mungal (Motif Wisata Api Abadi, Kahyangan Api), Parang Lembu Sekar Rinambat (Motif Kewan Sapi), Pari Sumilak (Motif Pari), Rancak Thengul (Motif Wayang Thengul, khas Bojonegoro), Sata Ganda Wangi (Motif Mbako), lan Sekar Jati (Motif Godhong Jati lan Kembang).

Sangang motif “Bathik Jonegoroan” mau mujudake gambaran potensi budaya lan kahanan alame Bojonegoro. Anane motif anyar kasebut nduweni ancas kanggo ngenalake lan ngrembakake potensi Bojonegoro marang bebrayan agung. Saliyane iku, anane “Bathik Jonegoroan” bisa ningkatake *perekonomian* masyarakat Bojonegoro. Sangang motif kasebut dilaunchingake dening Ketua Tim Penggerak PKK Kabupaten Bojonegoro, Ny. Maffudoh Suyoto. Adicara kasebut dianakake ing tanggal 12 Agustus 2009 ing alun-alun Kabupaten.

budaya masyarakat Kabupaten Bojonegoro. saliyane njlentrehake makna gambar saben motif, panliten iki uga njlentrahake makna warna kang digunakake sajroning “Bathik Jonegoroan”. Warna sing bakal dijlentrehake yaiku warna dhasar utawa warna pakem.

Lingkungan nduweni daya pangaribawa kang gedhe sajrone kabudayan. Amarga manungsa urip lan saben dina mesthi tumindake-tumindake uga kena daya pangaribawa lingkungane. Manungsa minangka makhluk kang nduweni budaya kang ora bisa uwal saka lingkungane. Iki kabukti saka kabudayan-kabudayane manungsa sing nduweni gegayutan karo lingkungan uripe, semana uga kabudayan sing cinipta ing Kabupaten Bojonegoro.

Tujuwan ciniptane sanga motif sing nggambarake kahanan alam lan budaya iku bisa dadi sawijine *apresiasi* tumrap masyarakat supaya bisa njaga apa sing wis dadi tetengere Kabupaten Bojonegoro. Ing ngisor iki bakal dijlentrehake wujud lan makna motif “Bathik Jonegoroan” kawawas saka ekologi budaya masyarakat Kabupaten Bojonegoro.

“Warna sing ana ing motif jagung miji emas asline ana rong warna yaiku kuning lan ijo....”. (Bu Linda, 3 Maret 2013)

“Yen didelok saka warna awale, motif Jagung Miji Emas iki nduweni warna ijo tuwa, ijo mateng lan kuning emas. Ing motif iki sing diutamakne yaiku wiji jagunge, wiji jagung kudu digambar jelas supaya ketok mentes lan bisa selaras karo

makna sing ana ing motif iki,.....”(Martini, 27 Juli 13)



Gambar 1 motif Jagung Miji Emas

Adhedhasar rong andharan kasebut bisa dimangerteni yen werna pakem saka motif Jagung Miji Emas nduweni telung werna yaiku ijo tuwa, ijo mateng lan kuning. Motif iki nggunakake werna dhasar ijo tuwa, werna kuning ing kene nggambarake wernane emas lan ijo mateng nggambarake kulit jagung. Saliyane iku uga ana werna ijo sing njulur-njulur kaya oyot. Sing paling onjo sajroning motif iki yaiku jagung, digambarake nduweni wiji sing gedhe-gedhe lan nduweni werna sing kaya emas.

Jagung minangka tetuwuhan kang tuwuh kanthi subur ing Kabupaten Bojonegoro. Saliyane beras, jagung uga didadekake panganan pokok. Miji emas tegese wijine gedhi-gedhi lan rupane kuning kaya emas, mratandhani yen jagunge apik. Jagung miji emas nduweni makna yen jagung ing Bojonegoro minangka sawijine jagung kang nduweni kuwalitas kang apik, saengga bisa didadekake sumber panguripan lan ngangkat taraf uripe masyarakat Bojonegoro.

4.3.2 Mliwis Mukti

Motif Mliwis Mukti minangka sawijine motif “Bathik Jonegoroan” sing nggambarake budaya sing diduweni Bojonegoro. Motif iki nggambarake manuk mliwis lan tetuwuhan. Sakliyane iku motif iki duweni motif sing paling beda klawan motif-motif liya, sing mbedakake yaiku wujud wajik sing ana ing sajrone motif. Wajik kasebut dadi pemisahak antarane manuk mliwis lan tetuwuhan.



Gambar 2 motif Mliwis Mukti

“Yen didelok saka motif awal, motif Mliwis Mukti iki akeh werna ijone utamane ijo mateng. Sakliyane ijo, ana werna putih lan kuning. Putih iki nggambarake manuk mliwis lan kuning nggambarake kembang saka tetuwuhane. Motif iki dadi sawijine motif sing paling angel digawe, ora ngerti penyebab saka angele iku. Mesthi bola-bali lan

Werna sing digunakake ing “Bathik Jonegoroan” motif Jagung Miji Emas yaiku werna kuning lan ijo. Werna kasebut ngandhut makna tartamtu minangka simbol masyarakat Kabupaten Bojonegoro.

“Werna sing ana ing motif jagung miji emas asline ana rong werna yaiku kuning lan ijo. Kuning nggambarake kemakmuran masyarakat Bojonegoro lan ijo nduweni maksud, tanah ing Bojonegoro menika nduweni tingkat kesuburan kang dhuwur” (Bu Linda, 3 maret 2013)

Adhedhasar andharan kasebut bisa dimangerteni yen werna dhasar saka motif jagung miji emas yaiku werna kuning lan ijo. Werna kuning digunakake kanggo nyimbolake kemakmuran. Masyarakat Bojonegoro saya makmur amarga asil panen jagung saya suwe saya apik. Mula, perekonomian masyarakat uga saya apik. Werna ijo digunakake kanggo nyimbolake kesuburan.

Tanduran jagung isih dadi pilihan kanggo masyarakat tani utamane ing Kecamatan Gondhang, Sekar, Purwosari, Tambakrejo, lsp ing Bojonegoro. Data saka Badan Statistika Bojonegoro nyathet sing paling akeh ngasilake jagung yaiku Kecamatan Sekar sing kasil 36.674,36 ton saka 6.026 ha sawah lan nomer lorone Gondhang sing ngasilake 35.934,64 ton saka 4.797ha. Rong kecamatan iki panggone ana ing satengah-tengahing alas, sing nduweni lemah sing rada garing. Asil tanduran jagung ing taun 2011 ngasilake 143.400,24 ton saka 33.902ha sawah, sing sumebar ana ing Kabupaten Bojonegoro.

mbutuhake wektu sing paling suwe tinimbang motif liya. Isa uga disebabake motif iki isih ana gegayutane karo Angling Dharma.” (Martini, 27 Juli 2013).

Adhedhasar andharan lan gambar kasebut bisa dimangerteni yen motif iki kawangun saka werna dhasar ijo mateng, lan werna panyengkuyunge ana werna kuning, ijo lan putih. Werna-werna kasebut minangka werna pakem sing dinduweni motif “Mliwis Mukti”. Nanging kanggo nuruti kapenginane konsumen werna sing digunakake ing motif iki wis owah saka werna pakem. Motif iki uga nduweni nile mistik yaiku akeh pembathik sing sambat anggane ngerjakake, jarene mbutuhake wektu paling suwe tinimbang motif liya. Nile mistik kasebut diyakini amarga motif iki nduweni gagyutan karo Prabu Anling Dharma. Nanging yen didelok saka gambar sing ana sajrone motif, ora beda lan katon biyasa yen ditandhingake karo motif-motif liya. Dideleng saka werna-werna ing sajrone motif, bathik iki trep kanggo wong enom, amarga werna-werna motif iki nggunakake werna sing padhang. Mula saka iku werna padhang kasebut bisa narik kawigaten wong ing sakiwa tengen panganggone.

Mliwis Mukti minangka motif “Bathik Jonegoroan” kang nuduhake kawigatene masyarakat tumrap budaya sing ngrembaka ing sakiwa tengene.

Kawigaten kasebut bisa dadi sawijine cara kanggo njaga kabudayan-kabudayan sing wis ana supaya ora cures. Bathik uga dadi sawijine budaya sing wis ngrembaka ing Bojonegoro, kanthi anane motif Mliwis Mukti iki bisa dadi sawijine motif sing kinandhut budaya ing sajrone budaya.

“Motif mliwis mukti iki nduweni makna manuk mliwis panjilmane Angling dharma minangka raja malaowopati. Sing miturut carita Bojonegoro iki salah sawijine wilayah saka kerajaan Malowopati. Mukti artine mulya, manuk mliwis kasebut panjilmane saka raja, mula saka kuwi diwenahi tambahan mukti sing nuduhake yen mliwis kasebut panjilmane saka wong sing mulya yaiku raja.” (Bu Linda, 3 Maret 2013).

Adhedhasar andharan kasebut bisa dimangerteni yen motif Mliwis (manuk belibis) mukti (mulya) nduweni makna mliwis kang mulya ora sembarang mliwis, nanging mliwis iki panjilmane saka raja Malowopati. Mula saka kuwi dikarepake bisa menahi motivasi kanggo masyarakat Bojonegoro bisa luwih semangat, rajin lan ulet kanggo nggayuh kamakmuran.

Dideleng saka makna sing ana sajrone motif Mliwis Mukti, saliyané nggambarake budaya ing motif iki uga kinandhut pangajab. Budaya sing ana ing motif diajab bisa menahi motivasi para masyarakat utamane bocah enom supaya nduweni semangat kanggo nggayuh samubarang.

Motif Mliwis Mukti minangka sawijine motif sing nduweni isi ngenani legendha saka Angling Dharma. Motif kasebut nggambarake anane carita saka Raja Malowopati. Carita kasebut isih ngrembaka ing Kabupaten Bojonegoro, senajan nganti saiki durung ditemokake bukti saka kerajaan Malowopati.

“Manuk mliwis iku panjilmane saka Angling Dharma. Dheweke sejatine ora njelma dadi manuk mliwis, amarga dheweke kalah perang tandhing karo telu siluman wadon yaiku Widata, Widati lan Widaningsih. Banjur sang Prabu

4.3.2 Gatra Rinonce

Motif Gatra Rinonce minangka motif “Bathik Jonegoroan” sing nggambarake *sumber daya alam*. Motif iki nggambarake *grill* minangka piranti sing digunakake njupuk gas lan patra. Werna sing digunakake yaiku werna-werna sing padhang uga narik kawigaten banget saka sakiwa tengene pangnggo.

“Yen didelok sak motif awale Gatra Rinonce iki nduweni 4 werna yaiku, putih sing dadi werna dhasar, kuning, ijo lan ireng. Nanging sing dadi werna penting yaiku kuning lan ijo, kaloro werna kasebut nduweni makna,.... lan werna liyane minangka singgo jangképi supaya luwih apik” (Bu Puji, 27 Juli 2013)

dikutuk dadi manuk mliwis putih kasebut. Amarga saking *frustasi* lan ora percaya yen dheweke bisa dikalahake wong wadon, mliwis putih kasebut miber ing dhaerah Bojonegoro lan kasil ditangkep karo Jaka Gedug. ing kerajaan Bojonegoro ana sawijine perkara ngenani wong lanang kembar sing ngrebutake garwa sing jenenge Bermani, wong lang kembar kasebut ngaku yen dheweke iku Bermana garwane Bermani. Saperlu mangerteni sapa sing Bermana asli, Raja Dharmawangsa minangka raja Kerajaan Bojonegoro nganakake sayembara. Manuk mliwis putih melu sayembara iku lan kasil nemtokake sapa Bermana sing asli. Sawise iku anake Raja Dharmawangsa kepincut karo kaendahane manuk mliwis kasebut, banjur manuk iku di dadekake paesan ing kolam kerajaan Bojonegoro. Banjur Kolam iki dijenengake Mliwis putih” (Mbah Karjan, 9 maret 2013)

Saka andharan ngenani manuk mliwis panjilmane Angling Dharma, bisa dimangerteni sejatine Angling Dharma dikutuk. Amarga dheweke kalah perang tandhing karo telu putri siluman yaiku Widata, Widati lan Widaningsih. Sang Prabu teka ing Bojonegoro amarga dheweke *frustasi* sawise dikalahake dening telu putri siluman. Sawise ing Bojonegoro dheweke kasil ditangkep karo Jaka Gedug lan digawa ing sayembara nemtokake Bermana sing asli. Mangerteni kaendahane manuk mliwis putih iku putri raja Dharmawangsa njaluk supaya manuk iku diramut ing kerajaan lan di deleh ing kolam kerajaan.

Mula saka kuwi nganti saiki jeneng kasebut isih dieling dening masyarakat lan kanggo njaga supaya jeneng kasebut tetep ana ing satengah-tengahing masyarakat, mula didadekake jeneng sawijine papan wisata lan didadekake sawijine motif “Bathik Jonegoroan” supaya carita-carita kasebut ora cures lan tetep dieling dening generasi enom saiki.



Gambar 3 motif Gatra Rinonce

Adhedhasar andharan lan gambar motif Gatra Rinonce kasebut, bisa dimangerteni yen motif iki sejatine kawangun saka patang werna. Werna-werna sing ana sajrone motif yaiku putih, ireng, kuning lan ijo. Saka kapapat werna kasebut sing dadi werna onjo yaiku kuning lan ijo, amarga werna kasebut minangka sawijine werna sing nduweni makna saka motif Gatra Rinonce iku. Werna-werna sakliyané ijo lan kuning mung dadi werna singgo pandhamping utawa panjangkep, supaya

motif kasebut nduweni werna apik lan bisa narik kawigatene *konsumen*.

Gatra Rinonce minangka motif “ Bathik Jonegoroan” nduweni makna sing selaras klawan motife. Ing kene digambarake anane gambar *grill* minangka piranti kanggo njupuk gas lan patra. Saka wujud kasebut bisa dimangerteni *grill* iki dadi objek sing makili gas lan patra kasebut, motif iki uga nduweni makna minangka pangajab masyarakat Bojonegoro.

“Gatra Rinonce, gatra iki asale saka ga (gas) lan tra (patra), rinonce tegese dijejer utawa ditata siji mbaka siji supaya katon endah. Teges sing ana motif iki yaiku yen gas lan patra ditata utawa diolah kanthi cara sing apik bakal migunani tumrap masyarakat.....kembang sing njulur nggambarake tetuwuhan tetep bisa tuwuh yen gas mau diolah kanthi apik supay ora ngrusak tetuwuhan ing sakiwa tengene.”(Bu. Puji, 27 Juli 2013)

Adhedhasar saka andharan kasebut bisa dimangerteni yen tembung gatra sejatine mujudake *tembung garba* kang asale saka *ga* kang tegese gas lan *tra* kang tegese patra (minyak). Dadi, tembung gatra tegese gas lan minyak. Rinonce tegese ditata siji mbaka siji kanthi tetep rancak, wutuh, lan endah. Gatra Rinonce tegese gas lan patra kang ditata kanthi apik saperlu diolah kanggo ningkatake *perekonomian* masyarakat.

Makna sing dimaksudake saka motif Gatra Rinonce yaiku arupa pangajab, supaya sumber gas lan patra kudu digunakake lan diolah kanthi cara sing aman lan ora mbebayani tumrap lingkungan. Cara pangolahing gas lan patra ditindakake kanthi setiti tanpa ngrusak alam, saengga tetuwuhan ing sakiwa tengene dhaerah pertambangan ora muspra lan rusak, uga bisa dimanfaatake kanggo kemakmurane manungsa.

Bojonegoro minangka salah sawijine kabupaten kang nduweni sumber daya alam kang gedhe ing babagan minyak bumi. Bisa dimangerteni saka jumlah dhaerah ing Kabupaten Bojonegoro sing ana tambang minyake, kayata Sukowati, Banyu urip, Blok Cepu, lsp. saliyane

4.3.2 Rancak Thengul

Motif Rancak Thengul minangka motif “Bathik Jonegoroan” sing nggambarake budaya arupa kesenian wayang thengul. Ing motif iki kagambar wayang thengul sing ditata kanthi rancak. Iki dadi salah sawijine motif sing nduweni gabungan werna paling sithik, nanging panggah nduweni werna sing bisa narik kawigaten.

“Saka werna sing asli, motif Rancak Thengul mung nduweni werna coklat. Nanging uga ana werna ireng sing ana ing tengah saben wayang thengul. Werna ireng iki mung dadi werna kanggo jangkepi supaya ana pemisahe antarane wayang siji lan sijine. Rata-rata motif iki akeh disenengi wing sing wis umur (dhewasa).”(Bu Puji, 27 Juli 2013)

iku isih ana dhaerah sing nggunakake cara tambang minyak tradhisional yaiku ing dhaerah Wonocolo, Kecamatan Malo.


“.....motif Gatra Rinonce iki nggambarake yen Bojonegoro nduweni tambang minyak sing sumebar ing dhaerah Bojonegoro. Nganti ing wonocolo ana tambang sing diolah dening masyarakat dhewe. Iki dadi sawijine bukti yen Bojonegoro sugih saka asil bumine ora mung saka para tani(tanduran).”(Bu Puji 27 Juli 2013).

Adhedhasar andharan kasebut bisa dimangerteni yen Bojonegoro ora mung sugih saka asil olah tetanen nanging uga sugih saka asil minyak bumine, nganti ana tambang minyak tradhisional ing dhaerah Wonocolo, Malo, Bojonegoro. Tambang minyak tradhisional kasebut didadekake pangupajiwane para warga ing sakiwa tengene tambang, kanggo nyukupi kabutuhan saben dinane. Minyak asil tambang banjur di setorake ing Pertamina kanggo diolah dadi minyak tanah sing siap digunakake dening masyarakat.

Mula saka kuwi makna lan ekologi sajrone motif Gatra Rinonce kasebut selaras klawan gambare. Sawijine bukti yaiku senajan Kabupaten Bojonegoro isih ana sing nggunakake cara tambang tradhisional. Nanging, ora tau kedadeyan perkara sing ngrugekake masyarakat lan tanduran sakiwa tengene tambang. Sawijine bukti, isih akeh wit jati sing tuwuh kanthi subur ing sakiwa tengene tambang. Kabeh mau amarga tambang minyak ing Kabupaten Bojonegoro diolah kanthi cara bener.

Tujuwan ciniptane “Bathik Jonegoroan” kanthi motif Gatra Rinonce iki yaiku supaya masyarakat mangerteni yen Kabupaten Bojonegoro ora mung sugih ing kabudayane nanging uga sugih ing sumber daya alam. Senajan ing tembe mburi minyak ing Bojonegoro wis entek nanging anane motif Gatra Rinonce iki supaya bisa dimangerteni para generasi enom yen Kabupaten Bojonegoro tau dadi sawijine dhaerah sing ngasilake sumber minyak kang gedhe ing Indonesia.

“Werna sing ana ing motif rancak thengul iki ana telu, yaiku werna coklat, ireng, lan putih.....”(Bu Linda, 3 Maret 2013)



Gambar 4 motif Rancak Thengul

Adhedhasar andharan lan gambar kasebut, bathik kanthi motif Rancak Thengul nduweni rong werna yaiku coklat lan ireng. Werna coklat ing kene minangka werna dhasar lan uga dadi werna sing bisa didadekake tetenger saka motif iki. Banjur werna ireng ing kene mung dadi panjangkepi supaya ora katon *monoton*. Yen

dideleng saka wernane motif iki akeh digandrungi karo wong-wong sing wis dhewasa, amarga nggunakake warna peteng.

Motif Rancak Thengul minangka salah sawijine motif “Bathik Jonegoroan” sing kinandhut pangajab sing digambarake saka budaya wayang. Wayang-wayang sing ana ing motif iki ora mung nggambarake saklompok wayang bae, nanging uga kinandhut makna ing sajrone wayang kasebut. Sakliyane iku uga ana maknane saben warna sing digunakake ing sajrone motif.

“Rancak Thengul, maksude wayang thengul sing dijejer kanthi racak utawa rapi. Saliyane dijejer wayang siji lan sijine padha-padha nggandheng tangane, maksud saka gegandhengan kasebut supaya masyarakat tetep nyawiji kanggo kemajuan Kabupaten Bojonegoro.” (Bu Puji 27 Juli 2013)

“Werna ireng mujudake pangajab supaya masyarakat Bojonegoro bisa nyawiji kanggo ningkatake eksistensine wayang thengul. Werna coklat mratandhani yen wayang thengul digawe saka kayu. Werna putih tandhane suci kang nyimbolake tulusing ati. Katelu werna iku mujudake pangajab supaya masyarakat Bojonegoro bisa nguri-uri kabudayane kathi cara sing apik lan ora uwal saka dalane bebener” (Bu Linda, 3 Maret 2013)

Werna coklat digunakake kanggo nggambarake yen wayang thengul sajatine digawe saka kayu. Saliyane iku werna coklat uga nggambarake kadewasan, menahi kesan tegas *langlamour*. Werna ireng tegese nyawiji, dikarepake yen masyarakat Bojonegoro bisa nyawiji anggone nyengkuyung lestarine wayang thengul. Werna putih tegese suci, kang nyimbolake tulusing ati. Supaya pawongan nduweni rasa tulus kanggo nguri-uri lan njaga langgenege wayang thengul. Kanggo menahi sumbangsih anggone nglestarekake wayang thengul iki, banjur didadekake salah sawijining motif “Bathik Jonegoroan” kanthi jeneng rancak thengul.

4.3.5 Parang Lembu Sekar Rinambat

Motif Parang Lembu Sekar Rinambat ing “Bathik Jonegoroan” iki nggambarake sawijine asil saka ternak ing Bojonegoro. ing kene kagambar rong ndhase lembu lan tetuwuhan sing ngrambat ana ing sakiwa tengene lembu. Sakliyane iku uga ana gambar lembu wutuh sing ditata miring.

“Motif Parang Lembu Sekar Rinambat iki nduweni motif gambar sing paling akeh, ana gambar ndhase lembu, kembang lan lembu sing dijejer miring kaya parang. Yen adhedhasar saka motif awal, motif iki nduweni warna ireng, putih, ijo lan kuning. Werna-werna iku bisa ndadekake motif iki beda karo warna liyane, amarga anane gabungan saka warna padhang lan peteng. (Bu Puji, 27 Juli 2013).

Tembung rancak tegese kasusun kanthi urut lan racak. Kaya dene wayang liyane, wayang thengul uga dijejer kanthi racak nalika arep dipentasake. Mula saka iku, motif rancak thengul uga nggambarake wayang thengul kang kasusun kanthi racak lan rapi. Saliyane kasusun kanthi rancak lan rapi kasebut uga saben tangan wayang padha gegandhengan antaranesiji lan sijine iki nglambangake yen masyarakat kudu padha-padha nduweni niat sing kuwat lan tetep nyawiji kanggo kemajuan Kabupaten Bojonegoro lan Negara Indonesia umume.

Wayang minangka sawijine kabudayan Indonesia sing wis kondhang ing manca negara. Akeh banget budaya-budaya wayang sing ngrembaka ing Indonesia salah sawijine yaiku wayang thengul. Wayang thengul minangka kabudayan dhaerah asli Bojonegoro iki asring njupuk carita saka menak. Wayang iki tetep dilestarekake nganti saiki ing Kabupaten Bojonegoro. Wayang thengul nduweni wujud 3 *dimensi* sing biyasa ditampilake kanthi iringan pelog utawa slendro. Saliyane iku, wayang thengul digunakake motif bathik iki kanthi tujuan supaya dikenal dening masyarakat umum minangka wujud pelestarian lan pangrembakakaning warisan budaya.

“wayang thengul iki dadi kesenian asli saka Kabupaten Bojonegoro. Ngatnti saiki ing Kecamatan Kanor isih ana sawijine papan sing nyimpen lan asring nggelar pagelaran wayang thengul” (Bu Puji 27 Juli 2013).

Adhedhasar andharan kasebut bisa dimangerteni yen isih ana dhaerah yaiku. Kecamatan Kanor minangka sawijine dhaerah sentra wayang thengul ing Kabupaten Bojonegoro, ing kecamatan kasebut isih nyimpen lan asring ngananakake pagelaran wayang thengul. Saperangan dhalang uga isih asring nampilake wayang thengul, saperlu narik kawigatene generasi enom supaya ngugemi lan nerusake perjuwangane kanggo njaga budaya.



Gambar 5 motif Parang Lembu Sekar Rinambat

Adhedhasar saka andharan lan gambar kasebut bisa dimangerteni yen motif Parang Lembu Sekar Rinambat iki nduweni warna sing beda klawan motif liyane. Anane gabungan antarane warna peteng lan padhang kasebut nyebabake motif iki beda klawan liyane. ing kene warna ireng lan putih nggambarake lembu sing ditata miring kaya parang. Kuning lan ijo nggambarake ndhas lembu, sakliyane uga nggambarake tetuwuhan sing ngrambat.

Motif Parang Lembu Sekar Rinambat minangka salah sawijine motif sing isine ngenani pangajab lan pratandha saka Kabupaten Bojonegoro. Motif iki nduweni makna sing bisa menehi *inspirasi* tumrap masyarakat kanggo nindakake wiraswasta arupa ternak lan nuduhake guna saka lembu kasebut.

“parang lembu tegese lembu-lembu ditata kanthi miring nduweni maksud supaya lembu-lembu iki bisa dadi ujung tombake (pangupajiwa) masyarakat supaya menehi sumbangsih sing gedhe tumrap ekonomi. Sekar rinambat tegese lembu-lembu kasebut sakliyane menehi guna tumrap masyarakat uga bisa menehi guna tetuwuhan saka *kotorane* (tlethong)” (Bu Puji, 27 Juli 2013).

“Motif bathik iki nggambarake anane ternak lembu sing kwalitase apik lan anane *Symbiosis mutualisme* antaraning tetuwuhan lan lembu. Werna ireng lan putih nglambangake yen lembu Bojonegoro iku kuwat lan bregas. Dene werna kuning lan ijo nglambangake yen wilayah Bojonegoro iku subur.” (Bu Linda, 3 Maret 2013)

Adhedhasar saka rong andharan kasebut bisa dimangerteni makna saka motif Parang Lembu Sekar Rimanbat kanthi rowa. Parang lembu tegese lembu kang dijejer miring, parang ing kene nduweni teges ujung tombak, maksud saka ujung tombak yaiku ing babagan pangupajiwa, motif iki nduweni pangajab supaya lembu-lembu kasebut bisa menehi sumbangsih sing gedhe tumrap ekonomi. Sekar rinambat yaiku kembang kang tansah mrambat tanpa wates, nduweni tegese lembu-lembu kasebut sakliyane menehi guna tumrap masyarakat uga bisa menehi guna tumrap tetuwuhan saka tlethonge.

Werna-werna sing ana ing motif kasebut uga nduweni makna, werna ireng lan putih sing nggambarake lembu sajrone motif kasebut nduweni makna yen lembu-lembu ing Bojonegoro kuwat lan bregas. Dene werna kuning lan ijo nduweni makna lemah sing ana sakiwa tengene paternakan nduweni tingkat kesuburan sing dhuwur. Makna-makna sing ana ing sajrone motif kasebut nuduhake yen ciniptane motif iki ora mung

4.3.6 Sekar Jati

Motif Sekar Jati minangka salah sawijine motif ing “Bathik Jonegoroan” sing nggambarake asil alame Kabupaten Bojonegoro. Motif iki nggambarake perangan saka wit jati yaiku, godhong lan kembang jati. Ana perangan werna sing ana sajrone motif, gabungan werna-werna iku bisa ndadekake motif iki apik bisa narik kawigatane konsumen.

“Yen didelok saka motif awal, Sekar Jati iki nduweni werna dhasar putih. Sakliyane iku ana werna ijo sing nggambarake wit jati cilik sing lagi tuwuh saka kembang jati lan coklat godhong jati.

sembarang nggawe, nanging uga nduweni maksud lan tujuan saka gambar sing ing motif kasebut.

Motif parang lembu kasebut kawangun saka sapi lan tetuwuhan. Ing Kabupaten Bojonegoro utamane peternakan ing Kecamatan Balen, para peternak nggunakake tlethong sapi kanggo rabuk. Rabuk kasebut digunakake kanggo ngrabuk tetuwuhan sing bisa digunakake pangan sapine. Sakliyane digunakae rabuk mung kanggo pangan sapi, rabuk kandhang kasebut uga digunakake para masyarakat sakiwa tengene kanggo ngrabuk tetanduran ing sawah.

Ing Desa Bulu, Balen, Bojonegoro ana kurang luwih 1000 sapi sing diternak ing paternakan kasebut. Sakliyane iku isih akeh peternakan liya sing ana ing Kabupaten Bojonegoro kayata Kanor, Kepohbaru lsp. Peternakan sapi ing Bojonegoro dadi sawijine bisnis kang nguntungake, amarga disengkuyung karo pemerintah dhaerah.

Jumlah peternak ing Kabupaten Bojonegoro ing taun 2011 ana 94.656 ewu. Saka jumlah kasebut meh saperangan gedhe, yaiku peternak sapi. Jumlah kasebut, dirasa pemerintah wis bisa nyukupi kebutuhane masyarakat ing *bidang peternakan*. Salaras klawan data saka Badan Pusat Statistik Bojonegoro ing taun 2011, jelas kaweruhan yen populasi sapi lanang lan sapi wadon ing Bojonegoro cacahé nganti 196 ewu sapi. Kamangka, Kabupaten Bojonegoro amung mbutuhake daging sapi kurang luwih 7.300 sapi saben taune, iku durung kapetung sing dikirim ing sanjabane Kabupaten Bojonegoro.

Motif Parang Lembu Sekar Rinambat iki nggambarake kahanan peternakan sapi ing Bojonegoro. Saben taun anane peningkatan jumlah peternak sapi ing Kabupaten Bojonegoro. Adhedhasar data saka Badan Pusat Statistik nuduhake yen Kabupaten Bojonegoro nduweni potensi dadi prodhusen daging sapi nasional. Data saka BPS sing nyathet produksi daging sapi wiwit saka taun 2009 nganti 2011 saya suwe saya dhuwur kacathet wiwit 3.386 nganti 4.738 kasebut nuduhake yen populasi sapi ing Bojonegoro luwih saka cukup. Mula saka iku motif Parang Lembu Sekar Rinambat didadekake salah sawijining motif “Bathik Jonegoroan”.



Gambar 6 motif Sekar Jati

Motif iki nduweni *latar belakang* arupa kembang sing ana ing sajrone bunderan. Kembang jati ing kene diwenehi werna putih.” (Bu Puji 27 Juli 2013)

“Motif Sekar Jati iki salah sawijine motif sing rada suwe anggone nggawe, amarga kembang jati sing bunder-bunder kasebut sing mbutuhake wektu paling suwe...” (Martini, 27 Juli 2013)

Adhedhasar saka rong andharan lan gambar motif kasebut, bisa dimangerteni perangan ngenani motif Sekar Jati. Motif iki kawangun saka telung warna yaiku putih, ijo lan coklat. Warna putih minangka warna dhasar saka motif ing kene nggambarake kembang jati, warna ijo nggambarake wit jati sing lagi tuwuh saka kembang jati sing wis lugur lan warna coklat nggambarake godhong jati sing wis tuwa. Saka perangan-perangan iku motif iki dadi salah sawijine motif sing mbutuhake wektu akeh.

Motif Sekar Jati minangka sawijine motif sing nggambarake asil alame Bojonegoro. Motif iki bisa dadi motif sing paling cepet ngrembakane lan dikenela dening masyarakat umum tinimbang motif liya, amarga jeneng lan gambar sing ana sajrone motif kasebut wis kondhang yen Bojonegoro minangka dhaerah sing nduweni alas jati sing amba.

“yen didelok saka motife ana kembang lan godhong banjur kembang sing ceblok ngasilake wit jati anyar. Kedadeyan kasebut nduweni makna yen alas jati sing ana Bojonegoro ora mungkin bisa cures, lan terus ngrembaka. Yen digayutake karo uripe manungsa, masyarakat Bojonegoro diajab supaya nduweni generasi enom sing kuwat lan nduweni multitalenta kaya wit jati sing bisa menahi guna lan bisa didadekake kerajinan tangan sing maneka warna.” (Bu Puji, 27 Juli 2013)

Adhedhasar andharan ing dhuwur bisa dimangerteni yen motif kasebut nduweni makna sing

4.3.7 Pari Sumilak

“Bathik Jonegoroan” kanthi motif Pari Sumilak iki nggambarake asil olah tetanen masyarakat Bojonegoro. Selaras karo jenenge motif iki nggambarake wit pari lan kembang. Kembang pari ing kene digambar wis padha ambyak lan nduweni wiji sing mentes-mentes iki, nuduhake yen pari kasebut wis siap panen.

“Motif Pari Sumilak iki yen didelok saka motif pakem nduweni warna meh kaya motif Rancak Thengul. Warna coklat sing akeh ing motif iki, lan kuning sing nggambarake gabah,” (Bu Puji, 27 Juli 2013)

“Kanggo nggawe motif iki dibutuhake tangan sing wis kulina. Yen lagi sinau mbathik angel yen dikon nggambar pari lan srawut-srawute kasebut.” (Martini, 27 Juli 2013)

“Batik motif iki umune digunakake dening wong sing sepuh amarga wernane pancen cocog kanggo wong sepuh. Warna dhasar ing motif iki ana loro, yaiku coklat lan kuning keemasan.” (Bu Linda, 3 Maret 2013)

digambarake dening wit jati. Sekar yaiku kembang lan jati yaiku wit jati. Kembang sing ceblok ing ngisor bisa nuwuhake wit jati sing anyar, nduweni makna supaya Bojonegoro nuwuhake generasi enom sing kuwat lan nduweni *multitalent* kanthi cara turun temurun. Wit jati saliyane nduweni wit sing kuwat uga nduweni guna tumrap masyarakat, yen bisa ngolahlan ndadekake kerajinan tangan sing maneka warna.

Motif bathik sekar jati uga dadi tunggak semine wit jati ing kabupaten Bojonegoro iku salaras klawan pangrembakaning *sentra-sentra* kerajinan kayu jati. Sentra kerajinan kasebut dadi sarana kanggo ningkatake kreatifitas masyarakat Bojonegoro saperlu ngolah lan nggunakake kayu jati. Anane sentra kerajinan kayu jati kang saya ngrembaka, bisa ningkatake ekonomine masyarakat.

Wit jati minangka sawijine wit kang dadi sumber uripe saperangan masyarakat Bojonegoro. Kabeh perangane wit jati bisa digunakake dening masyarakat Bojonegoro, wiwit saka oyot nganti godhonge. Iki bisa dideleng saka pengrajin-pengrajin kayu jati ing Kecamatan Temayang, Kalitidu, Ngasem, Dander, lsp. ing dhaerah Bojonegoro. Anane alas jati kang amba bisa nggampangake para pengrajin kanggo mujudake *imajinasi* lan kapenginane. Asil saka kerajinan jati kasebut kayata mebel, bupet, kursi lan kerajinan saka oyot-oyot jati bisa digunakake kanggo *souvenir* lan hiasan ing omah-omah. Asil kerajinan kasebut wis dikenal dening masyarakat sajabane Bojonegoro.

“Bathik Jonegoroan” sing nduweni motif sekar jati iki mujudake gegambarane kahanan alam Bojonegoro. Ana kurang luwih 44,05% wilayah Bojonegoro kawangun saka alas negara, alas kasebut ana ing sisih kidul. Alas iki dadi wates antarane Kabupaten Bojonegoro klawan kabupaten-kabupaten liyane kayata, Kabupaten Nganjuk lan Kabupaten Madiun.



Gambar 7 motif Pari Sumilak

Adhedhasar saka andharan lan gambar ing dhuwur, bisa dimangerteni yen dideleng saka warna sing digunakake, motif Pari sumilak iki nduweni warna sing meh padha klawan motif Rancak Thengul. Kaloro motif kasebut kawangun saka warna coklat. Sakliyane warna coklat, uga ana warna kuning lan ireng sing nggambarake pari sing wis sumilak utawa pari sing arep panen. Yen dideleng saka wernane, motif iki cocog digunakake wong sing wis dhewasa. Miturut pembathike motif iki angel anggane nggawe, amarga anane srawut-srawut sing nggambarake pari iki mbutuhake tangan sing wis bener-bener kulina.

“Bathik Jonegoroan” kanthi motif Pari Sumilak minangka salah sawijine motif sing nduweni isi pangajab saka masyarakat. Pangajab bisa dadi kasunyatan yen

masyarakat ndadekake lan nduweni inspirasi kanggo maju. Pari Sumilak iki uga nduweni tujuwan supaya para masyarakat bisa luwih semangat anggone makarya utamane olah tetanen.

“pari sumilak nduweni makna pari kang wis siap dipanen utawa pari sing wis nyumilak nduweni rupa kuning mratandhani yen pari kasebut wis tuwa lan siap panen. Werna coklat nggambarake pari wis siap panen, lan werna kuning nggambarake gabahe wis tuwa lan menthes. Iki dadi pangajab supaya Bojonegoro bisa dadi lumbung beras.” (Bu Puji 27 Juli 2013)

“pari iku tegese sumber pangan sing utama, dene sumilak tegese wis siap dipanen.” (Bu Linda 3 Maret 2013)

Adhedhasara rong andharan kasebut bisa dimangerteni makna sajrone motif Pari Sumilak. Pari sing nduweni tegese sumber pangan kang utama, sumilak tegese wis siap dipanen sing nduweni rupane kuning. Pralambang saka pari kang wis siap dipanen kasebut mujudake pangajab supaya Bojonegoro bisa dadi lumbung beras. Werna coklat digunakake kanggo nggambarake pari kang wis siap panen, dene werna kuning digunakake kanggo mratandhani gabahe wis tuwek lan nduweni wiji menthes.

Kabupaten Bojonegoro minangka sawijine dhaerah kang nduweni asil tani pari kang gedhe banget. Ana kurang luwih 100.000 ha sawah ditanduri pari saben taune. Data saka Badan Statistik Bojonegoro nyathet ing

4.3.8 Sata Ganda Wangi

Motif “Bathik Jonegoroan” kanthi motif Sata Ganda Wangi iki minangka sawijine motif sing nggambarake asil olah tetanen masyarakat Bojonegoro. motif iki nggambarake wit mbako, ing kene wit mbako kasebut digambarake kanthi jelas lan jangkep. Wit-wit mbako iki ditata kanthi rancak lan jangkep, wiwit godhong nganti kembang.

“Motif Sata Ganda Wangi iki awale nduweni mung rong werna yaiku ijo lan putih. Ijo ing kene nggambarake wit mbako lan paesan-paesane liya sing ana ing sakiwa tengene mbako. Werna dhasar nggunakake werna putih. (Martini, 27 Juli 2013).



Gambar 8 motif Sata Ganda Wangi

Adhedhasar saka andharan lan gambar kasebut bisa dimangerteni yen motif Sata Ganda Wangi nduweni werna mung loro. Werna sing digunakake ing motif iki

taun 2011 ngasilake 707.970,41 ton saka sawah para tani ing Bojonegoro. Para tani gampang anggone menhi banyu sawahe, amarga Kabupaten Bojonegoro minangka sawijine kabupaten sing manggon ana ing iline Bengawan Solo.

Dhaerah-dhaerah ing Kabupaten Bojonegoro sing cedhak klawan Bengawan Solo kayata Kecamatan Kalitidu, Kedung adem, Kepohbaru, Kanor lan Baureno. Dhaerah kasebut nduweni asil panen pari paling gedhe tinimbang dhaerah-dherah liya. Para tani ing Kabupaten Bojonegoro ora mung bisa nanem pari ing mangsa rendheng wae, ing mangsaketiga uga bisa nanem pari kanthi nggunakake banyu saka Bengawan Solo.

Kecamatan Kalitidu, Bojonegoro minangka salah sawijine dhaerah sing oleh bantuan pompa banyu saka Jepang. Pompa banyu kasebut bisa ngangkat banyu saka Bengawan Solo banjur digunakake para tani kanggo nyirami sawah-sawah ing Kecamatan Kalitidu lan sakiwa tengene. Kecamatan Kalitidu minangka kecamatan sing paling akeh menhi asil yaiku nganti 100.608,35 ton sing diasilake saka 13.846 Ha sawah data iki kajupuk saka BPS Bojonegoro.

Anane banyu sing bisa njamin sawahe para tani kasebut ndadekake pangupajiwa tani minangka cacah paling akeh tinimbang pangupajiwa liyane. Motif “Bathik Jonegoroan” kanthi motif Pari Sumilak bisa dadi tetenger yen Kabupaten Bojonegoro mujudake salah sawijine dhaerah kang ngasilake pari paling gedhe tinimbang kabupaten-kabupaten liyane sing manggonana ing dhaerah iline Bengawan Solo.

yaiku werna ijo lan putih. Werna dhasar nggunakake werna putih lan ijo ing kene nggambarake wit mbako lan paesan-paesane liya sing ana ing sakiwa tengene mbako. Sakliyane iku uga ana bibit mbako sing ana ing sakngisore wite. Bibit mbako kasebut ora pati ketok amarga nduweni werna ijo lan uga nggunakake werna dhasar ijo.

Motif Sata Ganda Wangi minangka motif sing nduweni isi gambaran saka salah sawijine tanduran sing kasil ngangkat jeneng Kabupaten Bojonegoro. Motif iki uga bisa menhi semanga kanggo para tani anggone tetane supaya tetap njaga kuwalitas tandurane.

“Sata nduweni teges mbako, ganda wangi tegese nduweni ambu sing wangi. Maknane Bojonegoro amarga nduweni tanduran mbako sing nduweni kuwalitas apik. Mula saka kuwi kanthi mbako sing nduweni kuwalitas apik kasebut diajab utawa wis kaleksanan bisa ngangkat jeneng Kabupaten Bojonegoro. makna saka mbako sing madhep mendhuwur lan mengisor kasebut yaiku supaya manungsa nduweni pamikiran sing dhuwur, nanging tetep nduweni sipat andhap asor.” (Bu Puji 27 Juli 2013)

Sata tegese mbako, ganda wangi tegese nduweni ambu sing wangi lan amrik. Sata ganda wangi mujudake pralambangane yen mbako Bojonegoro iku nduweni ganda sing wangi lan nduweni rasa sing enak. Saliyane iku uga mujudake pangajab utawa wis kabukti yen Bojonegoro

kondhang minangka dhaerah kang ngasilake mbako kanthi kualitas apik. Wujude mbako sing ana sajroning motif ana sing ngadhup mangisor lan mandhuwur. Mujudake pangajab supaya masyarakat Bojonegoro nduweni gegayuhan lan pamikiran sing dhuwur, nanging tetep andhap asor lan adoh saka sipat congkak.

“Bathik Jonegoroan” kanthi motif sata ganda wangi nduweni motif sing gambare tetuwuhan mbako lan kembang sing wis siap dipanen. Kabupaten Bojonegoro kondhang minangka sawijine Kabupaten kang ngasilake mbako kanthi kualitas apik.

“Motif iki uga nggambarake mbako sing diduweni Bojonegoro wis kondhang ing ngendi-ngendi, mbako Virginia yaiku mbako sing dimaksud ing motif iki...” (Bu Puji, 27 Juli 2013)

Adhedhasar andharan saka informan bisa dimangerteni yen mbako Virginia minangka sawijine

4.3.9 Parang Dahana Mungal

Motif Parang Dahana Mungal minangka motif “Bathik Jonegoroan” sing nggambarake papan panggonan lan *keajaiban* alam sing ana ing Kabupaten Bojonegoro. Sajrone motif kagambar geni sing ditata miring, geni ing kene minangka sawijine perangan penting sing didadekake jeneng saka motif. Digunakake garis-garis kanggo wates antarane geni siji lan sijine.

“Motif Parang Dahana Mungal yen didelok saka warna sing ana ing sajrone motif iki, ana warna putih sing nggambarake geni lan coklat sing dadi warna dhasar motif. Nanging saiki motif iki wis owah saka motif pakem, amarga motif pakem jaerene cocoge digunakake karo wong tuwa, lan para *konsumen* saiki akeh wong enom sing uga pengin nggunakake. (Bu Puji, 27 Juli 2013)

“Motif Parang Dahana Mungal iki dadi sawijine motif sing disenengi karo kanca-kanca (pengrajin). Jarene paling nggamapang lan ora pati ruwet anggone nggamabar motif,....” (Martini, 27 Juli 2013)



Gambar 9 motif Parang Dahana Mungal

Adhedhasar saka rong andharan lan gambar kasebut bisa dimangerteni yen motif iki dadi sawijine motif sing paling nggamapang anggone nggawe. Amarga

motif iki mung nduweni sakgambar lan kawangun saka rong warna. Warna sing ana sajrone motif yaiku warna

produk sing diasilake dening para tani sing bisa nggawe kondhang Kabupaten Bojonegoro. Mbako iki nduweni ganda kang wangi lan nduweni rasa paling enak. Saben mangsa ketiga para tani saliyané nanem pari uga nanem mbako Virginia lan mbako jawa, data saka Badan Statistik Bojonegoro nyathet yen mbako *virginia* nggunakake lahan 8.500 ha lan ngasilake rata-rata 1.237 kg/ha yen ditotal bisa ngasilake 14.509,05 ton. Mbako sing diasilake saka lemah Kabupaten Bojonegoro iki wis kondhang nganti manca ing antarane wis diekspor ing Negara Jerman, Hongkong lan Brunei.

Ing kecamatan Sukosewu, Bojonegoro mbako minangka sawijine tetuwuhan kang dadi pemandhangan ing mangsa ketiga. Saliyané mbako *virginia*, ing Sukosewu uga ditanduri mbako jawa. Mbako *virginia* akeh sing diekspor ing negara manca lan mbako jawa dipasarake ing gudhang-gudhang rokok ing dhaerah Jawa Timur.

coklat lan putih, warna coklat ing kene minangka warna dhasar saka motif lan warna putih dadi warna geni sing dadi *objek* kang utama saka motif iki.

Motif Parang Dahana Mungal iki dadi salah sawijine motif sing nduweni isi pangajab. Pangajab sing ana sajrone motif kasebut di simbolake ana ing geni. Geni ing kene ora sembarang geni nanging, geni iki bisa empan salawase, senajan ana udan lan angin.

“Parang Dahana Mungal kawangun saka telung tembung, yaiku parang, dahana, lan mungal. Tembung parang tegese miring, tembung dahana tegese geni, tembung mungal tegese empan salawase utawa *abadi*. Motif iki nglambangake objek wisata kang kondhang kawentar ing Bojonegoro, yaiku Kahyangan Api. Maknane yaiku supaya para warga Bojonegoro bisa nduweni semangat sing makantar-kantar kaya dene geni ing Kahyangan api. Semangat sing dikarepake yaiku semangat kanggo mbangun Kabupaten Bojonegoro kanthi luwih apik maneh.” (Bu Linda, 3 Maret 2013)

Adhedhasar andharan mau, bisa dimangerteni yen parang (miring) dahana (geni) mungal (empan salawase). Motif iki nduweni pangajab supaya manungsa mligine masyarakat Bojonegoro nduweni bisa menahi pepadhang tumrap dhaerah sakiwa tengene. Makna liyané yaiku mratandhani yen masyarakat Bojonegoro nduweni semangat sing makantar-kantar lan ora ana enteke kaya dene geni ing Kahyangan api sing ora bisa mati.

Semangat sing dikarepake yaiku semangat sing positif kanggo mbangun kabupaten Bojonegoro supaya dadi luwih apik maneh ing sakabehe. Semangat kasebut utamane ditujokake kanggo para mudha taruna kang bakale mbangun lan mimpin Kabupaten Bojonegoro. sawijining dhaerah bakal dadi luwih maju yen para taruna mudhane nduweni semangat kang positif kanggo mbangun dhaerahe.

“Bathik Jonegoroan” kanthi motif Parang Dahana Mungal sawijine motif kang nggambarake wisata Kahyangan api ing Desa Sendangharjo, Ngasem, Bojonegoro. Sawijine wisata sing paling dikenal dening

masyarakat umum tinimbang wisata-wisata liya sing ana ing Kabupaten Bojonegoro. panggone Kahyangan api ana ing satengah-tengahe alas jati.

Kahyanganapi yaiku sawijine papan wisata sing nyuguhake *pemandhangan* geni sing empan salawase. Kahyanganapi nduweni cerita saka jaman kerajaan Majapahit, kaya sing diandharake dening Mbah Juli minangka juru kunci Kahyangan api.

“Geni sing ana ing kene iki biyen digunakake karo Mbah kriya kusumo saperlu nggawe keris kanggo Kerajaan Majapahit. Banyu sing werna ijo sing umup nanging adhem digunakake nyelup pusakane sawise dadi. Geni iki dijupuk mung kanggo acara-acara gedhe kayata upacara Jumenengan Ngarsodalem Hamengku Buwono X. kanggo njupuk geni sing ana ing kene kudu nganakake selamatan lan tayuban sing kudu ditembagake yaiku gending eling-eling, wani-wani lan gunungsari gendhing-gendhing kasebut dadi kesenegane Mbah Kriyo Kusumo.” (Mbah Juli, 12 maret 2013)

Adhedhasar petikan wawancara kasebut bisa dimangerteni yen geni sing ana ing Kahyangan api minangka geni sing wis ana ing jaman Majapahit sing digunakake karo Mbah Kriyo Kusumo nggawe keris lan banyu sing ana ing cedhake geni digunakake kanggo ngumbah keris. Geni sing empan ing Kahyangan api dianggep mulya lan kudu nganakake selamatan kanggo syarat njupuk geni sing dijupuk kasebut bisa migunani lan ora mbebayani. Ing Kahyangan apiasring ditindakake selamatan yen ana sing arep njupuk kanggo acara-acara gedhe kaya sing wis tau ditindakake yaiku Jumenegene Ngarsodalem Hamengku Buwono X lan kanggo pembukaan PON Jatim ing Sidoarjo.

“Bathik Jonegoroan” kanthi motif Parang Dahana Munggal iki minangka gegambaran yen ana geni kang empan salawase ing dhaerah Bojonegoro. Ciniptane motif iki ora uwal saka geni Kahyangan api sing wis dadi tetengere Kabupaten Bojonegoro, sing wis kondhang ing masyarakat umum.

4.4 Pigunane “Bathik Jonegoroan” ing Kabupaten Bojonegoro

“Bathik Jonegoroan” kalebu jinising folklor dudu lisan saben folklor mesthi nduweni guna tumrap masyarakat panyengkuyunge, semana uga “Bathik Jonegoroan” ing Kabupaten Bojonegoro. Adhedhasar pamawase Bascom, guna folklor diperang dadi 5 yaiku; 1) Minangka sistem proyeksi, dadi kaca benggalaning angen-angen bebrayan; 2) Minangka piranti kang dipaugeri pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan; 3) Minangka piranti pendhidhikan; 4) Minangka piranti kanggo ngawasi aturan-aturan bebrayan supaya tetep diugemi; 5) Piranti kanggo ngraketake paseduluran. Saliyane guna sing diandharake dening Bascom kasebut, “Bathik Jonegoroan” uga nduweni guna kanggo hiburan rakyat lan pangupajiwane masyarakat. Gunane “Bathik Jonegoroan” tumrap masyarakat Kabupaten Bojonegoro bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

4.4.1 “Bathik Jonegoroan” Minangka Sistem Proyeksi

Sistem proyeksi yaiku kaca benggalaning lan angen-angen masyarakat. “Bathik Jonegoroan” minangka angen-angene masyarakat Bojonegoro kanggo nglestarekake budaya bathik ing Kabupaten Bojonegoro lan melu dadi panyengkuyunge bathik-bathik liyane ing nuswantara iki.

“tujuwan ciniptane saka bathik jonegoroan iki dadi sawijine cara kanggo nguwatke lan njaga supaya budaya bathik kasebut luwih kuwat lan ora cures ing masyarakat.” (Bu Puji 27 Juli 2013)

Adhedhasar andharan kasebut bisa dimangerteni yen salah sawijine cara masyarakat utamane masyarakat Bojonegoro kanggo njaga lan nguwatke budaya bathik kasebut kanthi nyiptakake motif bathik dhaerah. Budaya nasional ora bisa kuwat lan awet yen ora nduweni panyengkuyung saka budaya lokal lan dhaerah.

Ing taun 2009 sawise bathik diakui dening UNESCO Bupati Suyoto karo garwane nganakake lomba mbathik sa-Bojonegoro. Kagiyanan iki dimaksudake supaya masyarakat Bojonegoro nduweni kapenginan kanggo nuwuhake maneh budaya mbathik sing wis tau ditindakake dening mbah buyute supaya kagiyanan mbathik kasebut tetep diugemi dening masyarakat.

“Bathik Jonegoroan” minangka sawijine budaya dhaerah sing bisa nyengkuyung supaya bathik sing wis dadi tetengere Negara Indonesia, tetep diugemi lan terus ngrembaka ing masyarakat. Kanthi cara mangkene iki angen-angene saka masyarakat supaya bathik dadi tetenger Indonesia bisa kaleksanan.

4.4.2 “Bathik Jonegoroan” Minangka Piranti Pendhidhikan

Bathik nduweni nilai-nilai kang raket banget karo pendhidhikan, Sajrone motif bathik mesthi nduweni maksud tartamtu. Semana uga sing dinduweni “Bathik Jonegoroan”, ing motif-motif kasebut nduweni gegayutan kang raket banget karo dhaerah Bojonegoro. Saliyane sinau mbathik uga bisa menahi kawruh ngenani kahanan alam Bojonegoro.

“ing SMA khususse siswa sing tak wulang, saiki tak wenehi pelajaran bathik. Ora mung teorine wae, supaya ora gampang lali lan nuwuhake asil, para siswa asring praktek carane mbathik. Saliyane menahi asil karya, kagiyanan kasebut uga bisa dimangerteni kapribaden utawa sipat sing diduweni saben bocah saka asil karyane. Yen asile apik lan rapi bocah iki rata-rata nduweni sipat sabar lan teliti.” (Bu Puji, 27 Juli 2013).

Ing saben sekolahan para siswa SMP lan SMA diwenehi pelajaran kesenian sing nengenake kagiyanan mbathik. Saliyane kanggo menahi kawruh ngenani bathik lan carane mbathik, mata pelajaran kasebut uga ngemu tujuwan tartamtu. Tujuwane yaiku supaya para siswa

seneng karobathik lan nduweni kapenginan anggone njaga budaya sing wis dadi tetengere bangsa.

Kagiyatan mbathik uga nduweni guna sing bisa nglatih sipat tlaten, setiti, ngati-ati lan sabar. Sipat tlaten, setiti, ngati-ati lan sabar dibutuhake kanggo nggawe motif-motif bathik. Nalika mbathik, ana saperangan motif-motif sing angel lan mbutuhke sipat tlaten, setiti, ngati-ati lan sabar. Mula saka iku, kagiyatan mbathik kudu luwih ditengenake ing sekolahan-sekolahan saperlu nglatih sipat-sipat kasebut.

4.4.3 “Bathik Jonegoroan” Minangka Pangraket Paseduluran

“Bathik Jonegoroan” uga bisa didadekake piranti kanggo ngraketake pasedulurane masyarakat panyengkuyunge. Sajroning kagiyatan mbathik, para masyarakat bisa ndadekake kagiyatan iku sawijining cara kanggo kumpul karo pawongan liya lan ngomongake bab-bab sing bisa ngraketake paseduluran anatarane siji lan sijine. Kaya sing diadharake dening Bu Linda ing ngisor iki:

“Iya mas, sakdurunge ya ora kenal. Nanging saiki wis bisa nyawiji. Nah, iki sawijine alasan, budaya mbathik kudu uga bisa ngraketake pawongan saka dhaerah kang beda-beda. Budaya iki kudu dijaga supaya ora cures lan tetep bisa migunani tumrap masyarakat” (Bu Linda, wawancara 3 maret 2013)

Adhedhasar andharan ing dhuwur bisa dimangerteni yen kagiyatan kasebut bisa nuwuhake rasa nduweni antarane siji lan sijine senajan durung kenal amarga asale pawongan kasebut beda-beda dhaerah. Anatarane siji lan sijine pawongan kasebut ora mungkin bisa kenal yen ora ana kagiyatan kasebut, iki bisa dadi sawijine alasan yen budaya mabthik kudu tetep dijaga supaya ora ngilangake gunane. Sakwise dadi siji lan nglakokake kagiyatan mbathik pawongan-pawongan iku bisa raket lan nduweni rasa paseduluran.

4.4.4 “Bathik Jonegoroan” Minangka Hiburan Masyarakat

Salah sawijining piguna “Bathik Jonegoroan” yaiku bisa dadi sarana hiburan tumrap masyarakat. Hiburan sing dimaksud ing kene yaiku motif-motif kasebut bisa menahi rasa seneng. Rasa seneng bisa tuwuh amarga melu rumangsa nduweni amarga “Bathik Bojonegoroan” iki bisa dadi tetenger saka dhaerah Bojonegoro. Kanggo nuwuhake rasa nduweni kasebut Pemda Bojonegoro asring nganakake kagiyatan pameran nggenani bathik.

“bisa wae mas, yen didadekake hiburan, pameran-pameran sing asring ditindakake Pemda ing pandhapa kabupaten, akeh masyarakat Bojonegoro sing padha teka. Ora mung sing saka kota wae nanging ana sing saka desa, mung pengin mangerteni motif “Bathik Jonegoroan” (Bu Puji, 27 Juli 2013).

Adhedhasar andharan ing dhuwur, bisa dimangerteni yen “Bathik Jonegoroan” bisa menahi hiburan dening masyarakat. Iki bisa dideleng saka kawigatene masyarakat Bojonegoro nekani pameran saperlu pengin mangerteni motif-motif Jonegoron. Biayasane pameran kasebut sing dianakake dening Pemda ing dina sabtu lan minggu supaya masyarakat bisa kanggo ngisi wektu wektu liburan kanthi ndeleng pameran kasebut.

4.4.5 “Bathik Jonegoroan” Minangka Pangupajiwa.

“Bathik Jonegoroan” bisa didadekake minangka pangupajiwane masyarakat panyengkuyunge. Senajan tujuwan utama anane bathik iki ora dadi sistem pangupajiwa, nanging sajrone pangrembakane jaman “Bathik Jonegoroan” bisa dadi sistem pangupajiwane masyarakat panyengkuyung. Bab kasebut bisa dideleng saka andharan ing ngoisor iki:

“Bathik Jonegoroan” saiki wis dikenal masyarakat umum, wis akeh sing pesen saka njaba kayata dhaerah Kalimantan lan sakiwatengene. iki bisa dadi sawijine cara kanggo ngenalake Kabupaten Bojonegoro marang masyarakat umum” (Bu Linda, 3 Maret 2013).

Adhedhasar andharan ing dhuwur bisa dimangerteni yen “Bathik Jonegoroan” nduweni guna lan bisa didadekake sawijine usaha sing ngasilake. Ing pasaran bathik uga digandrungi dening masyarakat, kaya andharan ing dhuwur “Bathik Jonegoroan” bisa narik kawigatene para masyarakat sing asale saka njabane dhaerah. Iki bisa dadi bukti yen usaha bathik nduweni asil. Senajan bathik kanthi motif Jonegoroan iki isih enom nanging nduweni daya pangaribawa sing bisa narik kawigatene masyarakat, amarga motif-motif sing ana ing “Bathik Jonegoroan” iki dadi tetenger saka Bojonegoro lan ora diduweni dhaerah liya.

Saliyane pengusahane utawa sing nduweni butik, pegawai utawa pembathike uga bisa ngrasakake asil saka pangremabakane “Bathik jonegoroan”. Pembathik bisa ndadekake pakaryan iki dadi sawijine pangupajiwa, saperlu nyukupi kabutuhan saben dinane. Saengga usaha bathik kasebut bisa dadi sawijine usaha sing bisa njamin kelanggengane “Bathik Jonegoroan” lan bisa menahi sumbangsih arupa pangupajiwa marang masyarakat panyengkuyunge.

4.4.6. “Bathik Jonegoroan Minangka idhentitas dhaerah

“Bathik Jonegoroan” bisa dadi sarana kanggo nepangake Kabupataen Bojonegoro marang masyarakat umum. Motif-motif sing nggamabarake budaya lan alam saka Bojonegoro iki bisa dadi sawijine cara kasebut. Mula saka kuwi masyarakat Bojonegoro minangka ujung tombak saperlu nepangake “Bathik Jonegoroan” kudu seneng lan asring nggunakake bathik kasebut ing adicara formal utawa non formal utamane ing njaba dhaerah.

“setiap hari jumat pegawai pemkab dan lembaga-lembaga lain harus menggunakan “Bathik Jonegoroan”.....kalau masalah motif fleksibel, maksudnya pegawai pemkab dan lembaga-lembaga tidak diwajibkan harus menggunakan satu motif yang sama. Setiap lembaga menggunakan motif sesuai kesepakatan lembaga tersebut yang penting sala satu dari motif “Bathik Jonegoroan”..... tujuan dari penggunaan “Bathik Jonegoroan” ini dimaksudkan untuk memperkenalkan bathik kepada masyarakat....untuk menyambut tamu-tamu yang datang dari luar kabupaten, biasanya para pegawai Pemkab menggunakan macam-macam motif. Supaya para tamu bisa mengetahui keragaman motif yang dimiliki “Bathik Jonegoroan” meskipun tujuan mereka bukan melihat keragaman tersebut. Setiap tamu dari luar dhaerah Bojonegoro yang hadir atau tamu undangan yang hadir kesini (Bojonegoro) bisanya mendapat oleh-oleh dari Bupati berupa pakaian dari salah satu motif “Bathik Jonegoroan”. (Pak Hari Kristanto, 24 Agustus 2013)

Panemu mau menawa disalin sajrone basa jawa kaya mangkene. Saben dina jumat pegawai Pemkab lan lembaga-lembaga liya kudu nggunakake “Bathik Jonegoroan”. Ngenani motif sing digunakake Pemkab lan lembaga-lembaga kasebut ora ditemtokake. Saben lembaga nggunakake motif sing wis dadi kasarjukan sawijine lembaga kasebut, sing penting motif salah sawijine “Bathik Jonegoroan”. Tujuan saka panganggone “Bathik Jonegoroan” iki dimaksudake saperlu nepangake bathiuk marang masyarakat. Biyasane kanggo mangayubagya tekane tamu-tamu saka njabane dhaerah, para pegawai Pemkab nggunakake macem-macam motif “Bathik Jonegoroan”. Saben tamu saka njaba dhaerah sing sowan saperlu nekani adicara ing Kabupaten Bojonegoro diwenahi sawijine motif “Bathik Jonegoroan” saka Bupati Bojonegoro.

Adhedhasar andharan kasebut bisa dimangerteni anane upaya Pemkab kanggo ngenalake “Bathik Jonegoroan” marang masyarakat. Pemkab Bojonegoro minangka panyengkuyung saka ciniptane “Bathik Jonegoroan” uga nganakake aturan. Aturan kasebut yaiku saben dina jumat para pegawai Pemkab lan lembaga-lembaga ing Kabupaten Bojonegoro kudu nggunakake “Bathik Jonegoroan”. Nanging aturan kasebut ora nemtokake kudu nggunakake sawijine motif, motif-motif sing digunakake manut kasepakatan saka lembaga-lembaga iku dhewe. Saliyane iku upaya sing ditindakake Pemkab yaiku menahi “Bathik Jonegoroan” kanggo para tamu utawa kepala-kepala dhaerah liya sing sowan ing Bojonegoro.

Senajan upaya-upaya Pemkab kanggo ngremabakake lan nepangake “Bathik Jonegoroan” kasebut wis apik. Nanging luwih apik maneh, yen dideleng saka motif-motife sing nggambarake budaya lan kahanan alam sing diduweni saben-saben dhaerah ing Kabupaten Bojonegoro. Lembaga-lembaga utamane lembaga sekolah sing manggon ana ing dhaerah tartamtu

lan nduweni budaya utawa kahanan alam sing ana ing motif “Bathik jonegoroan” ikinggunakake motif sing nggambarake dhaerahe kasebut.

Tuladhane Motif rancak thengul, lembaga-lembaga sekolah sing ana ing dhaerah Kanor nggunakake motif kasebut, semana uga dhaerah-dhaerah liya bisa nggunakake motif sing nggambarake budaya lan kahanan alam sing digunakake “Bathik Jonegoroan” kasebut. Saka andharan-andharan ing dhuwur bisa didudut yen “Bathik Jonegoroan” saliyan bisa dadi identitas Kabupaten Bojonegoro, uga bisa didadekake idhentitas dhaerah-dhaerah asal sing nduweni budaya lan kahanan alam sing digunakake ana ing moti-motif kasebut.

PANUTUP

Sajroning bab panutup bakal diandharake dudutan lan pamrayoga asil panliten “Bathik Jonegoroan” Ing Kabupaten Bojonegoro (Tintingan Wujud, Makna, Ekologi Budaya Lan Fungsi). Luwih cethane bisa kawawas ing andharan ngisor iki.

5.1 Dudutan

Sawise nganalisis “Bathik Jonegoroan”, bisa didudut pirang-pirang prekara, kaya ta :

- 1) Wujud lan makna saben motif “Bathik Jonegoroan” mujudake SDA kayata jagung, mbako, lembu, pari, gas lan patra, jati. Saliyane uga ana sing awujud budaya sing kayata, wayang thengul, mliwis, lan Kahyangan api. Motif kasebut ngandhut makna sing arupa pangajabe masyarakat Bojonegoro.
- 2) Fungsi “Bathik Jonegoroan” yaiku minangka sarana pendidikan, hiburan, pangupajiwa, sistem proyeksi masyarakat, lan sarana kanggo ngraketake paseduluran.
- 3) Motif bathik jonegoroan nduweni gegayutan kang raket klawan ekologi budaya Kabupaten Bojonegoro. Motif “Bathik Jonegoroan” nggambarake SDA lan produk budaya kang ana ing Kabupaten Bojonegoro. Mula saka kuwi motif kasebut bisa dadi sarana kanggo ngenalake asil alam lan kabudayane Kabupaten Bojonegoro supaya dikenal dening bebrayan agung

5.2 Pamrayoga

Adhedhasar asil panliten marang “Bathik Jonegoroan” kang wis diandharake ing bab sadurunge, panliten ngenani wujud, makna, fungsi lan ekologi budaya motif “Bathik Jonegoroan” kalebu panliten kang isih arang ditindakake. Panliten iki pancen isih adoh saka kasampurnan, amarga mung diwatesi ing wujud, makna, fungsi lan ekologi budaya motif. Ewa semana, panliten iki diajab bisa menahi sumbang sih tumrap panliten liyane, senadyan panliten iki isih akeh ngalami kaluputan lan kakurangan.

Tumrap para pamaos diajab bisa paring pamikiran anyar nalika ngripta karya anyar, kanthi nlti budaya-budaya liya kanggo ngeleluri wujuding kabudayan Jawa supaya ora muspra.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: Rineka Cipta
- Danandjaja, James. 1984. *Foklor Indonesia Ilmu Gosip, Dongeng dan Lain-lain*. Jakarta: Pustaka Grafitipers
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Folklor. Konsep, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: MedPress.
- Herusatoto, Budiono. 2005. *Simbolisme dalam budaya jawa*. Yogyakarta: hanindita Graha Widya
- Hutomo, Suripan Sadi, dkk. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan*. Pengamat studi sastra lisan. Hiski: Komisariat Jawa Timur.
- Ihromi, T.O. 2006. *Pokok-pokok Antropologi Budaya*. Yogyakarta : Yayasan Obor Indonesia.
- Koentjaraningrat. 1984. *Manusia dan Kebudayaan di Indonesia*. Jakarta: Djambatan.
- _____. 1985. *Kebudayaan, Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- _____. 1987. *Bungai Rampai Kebudayaan. Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- _____. 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta
- Kusuma, Yosi Arum. 2006. *Bathik Barungging ing Desa Mojosari, Kecamatan Kanoman, Kabupaten Tulungagung*. Surabaya: Unesa.
- Moleong, Lexi J. 2000. *Metodologi Penelitian Kualitatif Edisi Revisi*. Bandung: PT. Remaja.
- Niswah, Naimun. 2008. *Motif Batik Di Kampung Jetis Kabupaten Sidoarjo*. Surabaya: Unesa.
- Pateda, Mansoer. 2001. *Semantik leksikal*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Prasetyo, Anindito. 2010. *Batik*. Yogyakarta: Pura Pustaka.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2012. *Teori, Metode, dan teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sudikan, Setya Yuwana. 1983. *Teori-Teori Kabudayan*. Surabaya: Citra Wacana.
- _____. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Unesa Unipress bekerjasama dengan Citra Wacana.
- Sugono dkk. 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Teeuw. 1987. *Ilmu Sastra. Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- (<http://konsultasikehidupan.wordpress.com/2009/05/27/konteks-ekologi-kebudayaan-manusia/>)